

IJWI RY'UBUHANUZI ISHURI RYA BIBILIYA MW IPOSTA

B.P. 1710

BUJUMBURA

BURUNDI

ICIGWA CA 18

ABANA B'IMANA NTIBAZOSUBIRA KU CAHA CA ADAMU

Umurongo wo kwibukwa : « Mbega umuntu yogunga Imana ? Ariko mwebwe mwarangunze. Yamara muravuga, muti Twakugunze ibiki ? Mwanganze ikigiracumi n'amashikanwa. » Malaki 3 :8.

URWINJIZO

Mbega umuntu aba acumuye iyo atwaye ikintu c'Imana ? Igitabo c'Imana kitubwira, kiti « Kuko gukunda amahera ari imizi y'ibibi vyose. » 1 Timoteyo 6 :10. Abakozi b'Imana n'abakozi ba Satani bazamenyekanira ku mahera. Abigishwa ba Yesu mbere bari bazi ko bacungujwe amaraso y'Umwana w'Imana. Kubera ivyo nta muntu n'umwe wo muri bo yabona kw amafranga canke ubutunzi bwiwe ari ivyiwe bwite. Biyita ivyariho vy'Imana. bakoresha ubutunzi bahawe n'Imana ngo bafashe bagenzi babo.

Ikintu umukristo ategerezwa kumenya n'uburyo bwo gukoresha amafranga. Tuzomenya neza uku kuri twiga iki cigwa.

MBEGA IMANA HAR'ICO IKENEYE ?

1. Mbega Imana yita ku vy'umuntu akeneye nk'amafranga n'ivyo-kurya n'impuzu ?

« Nuko ntimukiganyire, ngo Tuzorya iki? canke Tuzonywa iki? canke tuzokwambara iki?... ariko So wo mw'ijuru arazi kw ivyo vyose mubikena. » Matayo 6 :31, 32.

Nta yindi dini igaragaza imbabazi n'umunezero Imana igirira umuntu nk'idini nyakuri ya Gikristo. Niba Data wo mw ijuru yita no ku kintu gito gipfuye, (Matayo 10 :29) none ntazokwita ku vy'umuntu akeneye ? « None mwebwe ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega So wo mw ijuru ntazorushiriza rwose guha ivyiza abamusavye ? » Matayo 7 :11. Nuko rero dukwiye guhangha Imana amaso mu bukene bwacu bwose hako dutega amakiriro ku muntu, canke ngo twirarire twihenda ngo nitwe twironkesheje ibidutunga tudafashijwe n'Imana.

2. Mbega inkomezi zo kuronka ubutunzi tuzivana hehe ?

« Ariko muze mwibuke Uhoraho Imana yanyu, kukw ari we azobaha ubutore bwo kuronka ubutunzi. » Gusubira mu Vyagezwe 8 :18. Isi n'iy'Uhoraho kabiri. Ubwa mbere n'uko yayiremye, ubwa kabiri n'uko yayicunguye. Isi yose n'iyayo. Ya, bwiye abana b'Isirayeli, it' « Amatongo ntaz'agurwe herandaheze kukw igihugu ar'icanje, namwe kuri jewe mukaba akavantara n'abasi b'indaro. » Abalewi 25 :23. « Ereg'Uhoraho Imana yanyu ni we Nyen'ijuru risumba ayandi, bo n'isi n'ibirimwo vyose. » Gusubira mu Vyagezwe 10 :14. « Amafeza n'ayanje, n'amazahabu nyene n'ayanje, ni k'Uhoraho Nyen'ingabo agize. » Hagayi 2 : 8.

Ababa kw isi bafise iviyumviro bibiri. Iciyumviro kimwe n'ic'ukuri, ikindi s'ic'ukuri. Kimwe n'ic'Ubukristo ikindi n'ic' Ubupagani. Kubw'ubuhirwe buke, ic'ubupagani ni co cakwiye mw isi yose n'ubu : mbere no mu Bakristo benshi. Ico ciyumviro ca gipagani co kigomba ko abanyagihugu n'ubutegetsi bishingira INGANJI. Na ho iciyumviro ca Gikristo cigisha kw Imana ari yo itwara ibantu vyose.

« Kukw ibikoko vyose vyo mu kibira ar'ivyanje, n'inka zo ku misozi y'ibihumbi. Ndazi inyoni n'ibisiga vyose vyo ku misozi, n'ibikoko vyo ku gahinga n'ivyanje. » Zaburi 50 :10, 11.

3. Naho ibantu vyose ar'ivy'Imana, mbega ukubaho kwa Yesu kwari kumeze gute ubwo yari mw isi ?

« Yesu aramubwira, at'Imbwebwe ziri n'imyobo, n'ibiguruka mu kirere biri n'ivyari, arik'Umwana w'umuntu we ntagir'aho arambika umusaya. » Luka 9 :58.

Uko Kristo yabereye umukene mur'iyi si kandi ari wè yaremye ibantu vyose, niko n'ibikorwa vy'Imana bimeze mur'iyi si. Imana yaka amashikanwa yo kuzanwa mu nzu yayo ngo afashe igikorwa cayo co gukwu ubutumwa. « Muzane mu bubiko ikigracumi gishitse, kugira ngw inzu yanje ibemw ivyokurya... » Malaki 3 :10.

4. Kuk'ico kintu gikenewe mu bikorwa vy'Imana ?

« Mbega umuntu yogunga Imana ? Ariko mwebwe mwanganenze... kukw ihanga ryose uko mungana mwanganze ». Malaki 3 :8,9.

5. Umuntu yokwima Imana ivyayo ate ?

« Yamara muravuga, muti Twakugunze ibiki ? Mwanganze ikigiracumi n'amashikanwa .» Malaki 3 :8.

Naho isi yose ar'iy'Imana n'ubutunzi bwose kandi mu vy' ukuri akaba ar'ivyayo vyose, ishaka k'umuntu yemera ko iriho, kandi ari yo Nyenevyo, akavyerekana mu kuyiha ikigiracumi. Ivuga ko uwo mugabane ari uwayo bwite. « Mu vyeze mu gihugu, vyaba ivyo mu ndimiro,... ikigiracumi c'ivyo vyose n'icanje, Jewe Uhoraho ; n'icera canje ». Abalewi 27 :30. Umuntu aba mu nzu y'uwundi, akarima umurima wiwe, ategerezwa kugira ic'atanga ukw'ukwezi gutashe canke umwaka. Kwima nyene inzu ico mwavuganye n'ukumwambura. 'Ukurikije ico ciyumviro usanga ko kudaha Imana ikigiracumi c'ivyo twunguka vyose n'ubutunzi twahawe n'Imana, ar'ubwambuzi.

« Iyo abemera Imana bose baba bayiha ikigiracumi n'amashikanwa, mu nzu y'Imana hobayemw'ivyo kurya. Ubuntu si bwo

bukwiye kwizigiza kuzohabwa ingabirano zitari iz'ukuri zisa n'iz' agahato, no guhindagurika kw'iviyumviro vy'abantu nk'uko bigenda. » Councils on Stewardship, p. 196, 200.

« Iyaba abantu bose baha Imana ikigiracumi, ari co mуга-
bane wayo, ububiko ntibuba bukeneye imali. » Idem. urupa-
puro rwa 95.

6. Nab'lmana yihangana kandi ikagirira imbabazi abayiba, ni
gihano ki giteye ubwoba bazohanwa ?

« Wa muvumo murawuvumwe : kukw ihanga ryose uko mu-
ngana mwangunze. » Malaki 3 :8.

7. N'iki kitwerekwa ko kwiba Imana mu vyo twunguka bitera umu-
vumo bikabuza imvura kugwa mu mirima ?

«... Nimwitegereze uko mumeze ! Mubiba vyinshi, muki-
mbura bike ; kurya murarya, ariko ntimushira inzara ; kunywa
muranywa, ariko ntimushira inyota ; kwambara murambara,
ariko ntimushira imbeho ; kandi uca amahera ayacira mu mufuko
utobotse. Uku nik'Uhoraho Nyen'ingabo agize, ati Nimwitege-
reze uko mumeze !... Mwaziga vyinshi, mugize murtya musa-
nga ni bike ; kandi n'iyo mubizanye i muhira, ndabigabanya.
Biva kuki ? Ni k'Uhoraho Nyen'ingabo abajije. Biva ku ngoro
yanje irekewe ngaho igihomvaguritse, namwe mweho umuntu
wese agakobereza inzu yiwe ubwiwe. Ni co gituma ata n'akame
ijuru rikibarekurira, n'isi ikabima ivyimburo vyayo. Kandi na-
hamagaye uruzuba ngo rwice isi n'imisozi rukureho n'impeke
na vino, n'amavuta ya elayo, rwice n'ibimera mu ndimiro, n'aba-
ntu n'amasho, n'ibikorwa vyose bikoreswa amaboko. » Hagayi
1 : 5-11.

Ben'ibi bishika ku badatanga neza ikigiracumi n'imperezwa
kangahe ? Kurumvy a imrima kenshi na kenshi canke guhomba
mu bucuruzi bikwiye kubakangura kugira ngo « bategere inzira
zabo. » None ntihar'aho ivyo vyoba inyanduruko yo kurumvy
guterwa n'inzige, n'indwara zonona ighugu cacu ? Mbere n'aba-
habwa impembo z'ibikorwa bakora, bavumwa iyo mivumo, iyo
banse guha Imana umugabane wayo bagororotse. Kenshi impe-
mbo zabo ziragabanuka cane, bigasa nk'aho babibitse mu « mi-
fuko itobotse ».

IV YO YESU YIGISHIJE BIHEREREYE KU BUTUNZI.

8. Yigishije uburyo bwiza bwo gukoresha amafranga ate ?

« Namba mutabaye abizigirwa kw'itunga ribi mubikijwe,
ni nde azobabitsa itunga nyaryo ? Kandi namba mudakora ivyo
mwizigweko ku vy'abandi mwabikijwe, ni nde azobaha ivyo
mwokwiganzira ? Luka 16 :11, 12.

N'igitangaza kubona ko kenshi Yesu yavuga ivyerekeye ku mali
n'ubutunzi. Umurongo umwe kur'iyi itandatu yo muri Matayo,
na Mariko na Luka, uvuga ivy'amafranga. Mu Migani 16 Yesu
yaciye, yigishije uburyo bwo gukoresha amafranga neza canke
nabi. Uburyo bwo gukoresha imali n'icigisho gihambaye mu ba-
tumwa. Gutanga imali mu buryo bubi n'ikintu gitsinda abakristo
kikababuza ubuzima buhoraho, naho bokwizigirwa mu bindi.
Mu buryo umuntu akoresha imali kenshi bimubera ikigeragezo
c'ubutungane bwiwe, kuraba kw'ategekwa n'imali canke kw'ari
we ayitegeka. Gukunda imali bituma bamwe bikunda gusa, Baba-
ndanya kwigungirako no kwikunda. Gukunda imali bijana umu-
ntu mu bibi. Gukunda amafranga bikomeza ingeso itanye rwose

n'iciyuviro ca Yesu. « Nabahaye akarorero muri vyose, yuko mu butume nk'ubwo, ari ko mukwiye gufasha abadakomeye, no kwibuka amajambo y'Umwami Yesu, ingen'ubwiwe yavuze, ati Gutanga kuzana umugisha, kuruta guhabwa. Ivyakozwe n'Intumwa 20 : 35.

9. Mu nkuru z'isi za kera umuntu yatanguye gutanga ikigiracum ni nde ?

«...Melekisedeki uyo, Umwami w'i Salemu, umuherezi w'I-mana isumba vyose, ... ni we Aburahamu yagabanirije ikigiracumi muri vyose ». Abaheburayo 7 : 1, 2.

Yakobo umwuzukuru w'Aburahamu na we yatanze ikigiracumi c'ivyo yungutse vyose. (Itanguriro 28 :20-22). Amahanga yose ya kera yar'azi ko ikigiracumi c'ubutunzi ar'icera c'Imana nk'uko bari bazi ko umusi w'indwi w'umushamvu ari uw'Uhoraho. Satani yandurishije abantu ububasha bwiwe bituma birengagiza uko kuri. Kristo ubwiwe yagumije uko kuri kwo gutanga ikigiracumi.

« Muzobona ibara, mwebwe abanyabwenge b'ivyanditswe n'Abafarisayo, mwa ndyarya mwe, mutanga ikigiracumi c'imbwija u'anisi na kumino, ariko mwaretse ibihambaye vyo mu mabwirizwa, guca izibereye n'imbabazi, n'ukwizer ; arikw ivyo mwari mukwiye kubikora, nya bindi navyo ntimubireke. » Matayo 23 :23.

10 N'ikihe kigabane c'ivyo dutunze Imana igomba ko tuyiha ?

« Mu vyeze mu gihugu, vyaba ivyo mu ndimiro, cank'ivyamye mu biti, ikigiracumi c'ivyo vyose n'icanje, jewe Uhoraho, n'icera canje... Kandi mu masho no mu mikuku, uko zigenda ziharuzwa inkoni, ikigiracumi co muri zo zose, kize kibe icera canje, jewe Uhoraho ». Abalewi 27 : 30-32.

Ikosa rikomeye abantu bakora n'uko bibwira ko bakwiye gutanga ikigiracumi c'amafranga bunguka gusa. Yakobo yashima gutanga ikigiracumi c'ibantu Imana yamuha vyose, mbere n'ivykurya n'imyambaro. » (Itanguriro 28 :20-22).

Tugitangura kwishikanira Umucunguzi, dukwiye guca dutunga ikigiracumi c'ivyo dutunze vyose, mbere n'ikigiracumi c'imali yacu yose iri muri Banki. S'uguukekeranya ivyo bizana amaherezo meza cane mu bubiko bw'igikorwa c'Uhoraho, ariko kutabikora, ari navyo vyabaye umugenzo, bigira inkurikizi yo gusubiza ico gikorwa inyuma, iyo ico kigiracumi kidatanganywe ubutungane, Satani aboneraho kuzana ubugunge bwiwe mw ishengero rigahawa umuvumo mu gishingo c'umugisha.

Iyaba abizera bose batanga ikigiracumi c'ivyo bejeje, n'ic'ibitungwa vyabo vyose, n'ic'imali babitse muri Banki bagishika mw idini, ishengero ryo muri Afrika ryoteye imbere nk'iryo mu bindi bihugu vyakiriye ijambo ry'Imana ku bwo gutanga ikigiracumi.

Niba har'umukristo uw'ariwe wese atatanze ikigiracumi agishika mw ishengero ngw'abe yaratanguye ivyo yungutse vyose, n'imali yiwe yashize muri Banki, ategerezwa kugitanga ah'ame-nyeye uku kuri bidatevye. Hanyuma akomeze atange ikigiracumi c'inyungu y'ibitungwa vyiwe, n'ic'ivyo yimbuye n'ic'umushahara, n'ivyo abahwa ku buntu (gusa). Asangwa wiyumvira ko guharura ikigiracumi bigoye, reka twiyumvire gatoyi, biroroshe guharura ubutunzi bwawe, maze Imana ikaduha ikigiracumi cavyo. Ubwo rero tuba dukwiye guharura ikintu cose dushizeko umwete, dufise umutima wifuza ico Imana izotwongera. Nuko rero dukwiye guharura ikigiracumi tubereyemw'Imana twitonze kandi dufise umwete. Iki ni co gicumuro cabaye gikwira mu bantu ; kubwo

kwifuza kubi canke ku kugergezwa no gutanga udufaranga du-
ke gusa, maze tukatwita ikigiracumi; kandi mu kuri kidakwiye
no kuba ikigira ijana nyakuri. Ico caha co guhenda Imana, tukaba
twongeyeko n'ikindi gicumuro co kuyiba. Abamarayika bo mw
ijuru bandika ivyo abantu bakora mu bitabo vyo kwibutsa ku
musi baraba uko tugira ku bintu bito bito. Yesu yaravuza, ati
« Ukora ivyo yizigiweko ku vyoroshe cane, agira artyo no ku gi-
komeye. » Luka 16 : 10. Mur'uyu murongo Yesu yavuga ivy-
imali.

UBURYO BWO GUHARURA IKIGIRACUMI

11 Mbega ni waba urimw'umwenda w'umuntu maze akaguma akwi-
shuza, Imana izokubabarira udatanze ikigiracumi ?

« Wubahishe Uhoro ibintu vyawe, bo n'umushuzo w'ivyeze
vyawe vyose. » Imigani 3 :9.

Itegeko rya mbere ryo mu mategeko cumi rivuga, ngo « Ntu-
kagire izindi mana umbangikanya. » Kuvayo 20 :3. Kwiba Imana
umugabane wayo ar'ukugira ngo wishure imyenda y'ivy'isi, mu
vy'ukuri n'ukwica amabwirizwa. Ntidufise ububasha na gatoya
bwo gukoresha imali y'Imana twishura imyenda turimwo kuko
iyo mali atari iyacu. Inzira y'ukuri umuntu akwiriye gukurikiza.
n'iyo. « Kubahisha Uhoro » gutanga imigabane ya mbere
y'ikigiracumi ntaragerageza kugikoresha mu buryo butabereye.

Umuyobozi w'umukristo w'intwari, umusi umwe yaravuze
ati : « Mbega nokwubahuka nkakubwira yuko udakwiye gutanga
ikigiracumi kandi ukibazwa ? » Mbe nokubwira ukuri ntiwishure
umwenda wishuzwa n'umuntu uw'ari we wese, kandi uramutse
ubigize gurtuo woba wimye Imana ivyayo ?

Abahisemwo gukurikira Imana n'imitima yabo yose, bakaba
bahisemwo kwubaha Imana, abatazatwara ivyimburwa vyagerewe
Uhoro ngo bavyishure imyenda basitiye abandi, abaha Uhoro
ikigiracumi bironkeye ubwabo, bazohabwa imigisha y'Imana
yemerewe abayumvira. » Councils of Stewardship, urup. 92, 93.

12 Umurimyi yoharura kimwe mw icumi ate ?

Umurimyi wese azi ubwenge, arazi ingene yoharura ibitungwa
vyiwe n'ivyo yimbuye. Acisha ibitungwa vyiwe mw irembo aka-
biharura, maze igitungwa cose kibaye ikigiracumi. kigashirwa
iruhande kikaba ikigiracumi. Imana iravuga iti : « Umuntu ntaze
yibaze kw ari nizza, canke kw ari mbi, canke ngw ayikabe iyindi. »
Abalewi 27 : 33.

Niko bikwiye kugenda, akwiye guharura imifuko y'ibgori,
canke y'amahonda, canke ibindi yimbuye mu murima wiwe. Azo-
harura imbu z'amata y'inka ziwe, maze hanyuma atange urubu
rugiracumi rw'amata yose, arugurishe amafranga ku giciro gikwiye,
maze ayo mafranga ayatangeko ikigiracumi.

Reka dutangire akarorero ku muntu afise inka zidashika kw'
icumi. None yozitangira ikigiracumi gute ? Tuvuge ko yoba
afise impene canke intama canke inkoko zitogabanywamwo icumi
mu buryo bworoshe. Turatanga akarorero kugira ngo umuntu
wese abisobanukirwe.

Tuvuge ko umuntu afise inka zitandatu, n'intama 11, n'impene
6, n'inkoko 7, indogoba 1. None ivyo vyose yobitangira ikigira-
cumi gute ? Ubwa mbere azoharura igiciro c'ivyo bitungwa
akurikije igiciro c'uko vyogurwa mw isoko. Kugira ngo abiso-
banukirwe neza, akwiye guhamagara umurongozi w'ishengero,

canke incuti imwe canke zibiri zikamufasha kubicira. Yobigenza artya :

Igiciro c'impfizi imwe	3.000,00	frs
Igiciro c'inka zitandatu	22.750,00	frs
Igiciro c'intama cumi n'imwe	2.300,00	frs
Igiciro c'impene cumi na zitandatu	4.320,00	frs
Igiciro c'inkoko indwi	210,00	frs
Igiciro c'indogoba imwe	1.000,00	frs
vyose hamwe	13.580,00	frs

Ikigiracumi gikwiye kuba ikigabane kigira icumi c'igitigiri cose, ari co 13.580,00 frs. Kubona ico gitigiri biroroshe cane. Ufise amafanga woca uyatanga. Utayafise naho ugatanga igitungwa kimwe giciye ayo mahera kugira ngo ubone ico kigiracumi c'amafanga 1.358.

Aya mafranga ayatanze hatabuzemwo na rimwe, maze ahawa urupapuro (Reçu) rwemeza ko ayatanze. Gurtuo rero ico kigiracumi kizoba gitanzwe. Hanyuma niho azoza aratanga ikitiracumi akurikije uko ibitungwa vyiwe birondoka.

Reka tubandanye dutange akarorero. Tuvuge nk'umuntu afise umurima. Ntiyonezerwa no kugorwa aharura ivyo yimbuye. Yokora kimwe mu'ibi ukw ari bibiri :

(a) Yotoro urupapuro canke igitabo akaja aracandikamwo urugero w'ibigori n'amahonda, n'imyumbati n'ibijumpu, n'amata cank' ibindi, canke agahitamwo :

(b) Gushira mu giseke canke idebe, akaza arashiramwo ikigiracumi c'ivyo yimbuye ku musi, n'ic'ivyonurya bimutunga n'abo mu rugo rwiwe, n'ivyo ashobora kugurisha. Igihe iyimbura rigeze, akihiye guharura imifuko canke amadebe yimbuye canke kilogrammes yimbuye, maze ikigiracumi kigashirwa ukwaco. Niba ufise iduka, ukwiye gutangura ikigiracumi ughihinduka umukristo, ugatangira ibiri mw iduka tyawe vyose. Kuva ubwo ugatangura gutanga ikigiracumi c'inzungu gusa ukw'ukwezi gutashe cank'umushamvu. (Asangwa umwigishwa afise ibimugora vye-rekeye gutanga ikigiracumi, agiriwe inama yo kwandikira IJWI RY'UBUHANUZI ikete ry'ibimukomereye.)

TWOSUBIRA KU GICUMURO CA ADAMU GUTE ?

13. Mbe kimwe mw icumi c'Uhoraho gihabwa nde ?

« Mu vyeze mu gihugu vyose ikigiracumi n'icanje, jewe Uhoraho, n'icera canje ». Abalewi ehe mbahaye ibigiracumi vyose Abisirayeli batanga, kuba ari vyo biba ishamvu yabo, ndabibahaye kw impembo y'ibikorwa bakora vyo mw'ihema ry'ibonaniro ». Abalewi 27 : 30, no Guharura 18 : 21.

Imana yategetse kw ikigiracumi gitunga abavuga butumwa bamarra igithe cabu cose bakora umurimo (igikorwa) wo mw « ihema ry'ibonaniro ». Intumwa Paulo yavuze, ati « Kandi n'Umwami wacu niko yageze kw abavuga ubatumwa bwiza batungwa n'ubatumwa. » I Ab'i Korinto 9 : 14.

Ishengero ni « inzu y'Imana ». Iy'Imana ivuze ko dukwiye kuzana ikigiracumi mu nzu y' « ububiko » kugira ngo mu « nzu » yanje, n'ukuvuga ISHENGERO, niho ikigiracumi kijanwa mu bubiko bw'ishengero kikahavanwa gihembwa abakora umurimo wo kuvuga ubatumwa bagororotse kandi bavyitangiye.

Ukwiye gutanga ikigiracumi mw ishengero wizera ko ari ryo shengero ry'ukuri ry'Imana. Niba ata shengero riri hafi y'aho uba ryigisha ukuri kw ijambu ry'Imana kwose, IJWI RY'UBUHANUZI rizokwakira ikigiracumi cawe rikurungikire Reçu yaco.

Ikigiracumi cawe kizokora umurimo cagene we ari wo wo gu-kwiza ubutumwa. Abantu benshi babona ko gutanga ikigiracumi mu mashengero yabo mato mato bibakomereye, barungike ikigiracumi kw IJWI RY'UBUHANUZI. Ikigiracumi kirungikwa gicishijwe kuri Mandat Postal (urupapuro ruhabwa urungitse amfranga ayacishije muri Poste), yaba ari make agacishwa mw iposta uwashize mw ibahaha ushizeko timbre.

14 Mbega ico kigiracumi cokoreshwa n'ugomba wese, acihera abakena nk'amashikanwa y'ubundi buryo afashishwa abantu ?

Imana yafashe ikigiracumi kiba inyegu ngo gikoreshwe n'Aba-lewi imisi yose n'« abavugabutumwa ». Ni co gituma tudafise ububasha bwo kugira uwo duha ikigiracumi canke ngo tugifashishe abakene, canke kugikoresha mu bundi buryo ubw'aribwo bwose. Nuko ivyiza n'ugutanga imperezwa mu buryo bukwiye, butari ubwo gukoresha aya mafranga y'ikigiracumi.

Imana yagiriza abantu bayo ko bayimye « IKIGIRACUMI N'AMASHIKANWA ». Iyodutanze ikigiracumi cacu, bisa n'aho ataco tuba duhaye Imana, ahubwo tuba tuyishubije ivyayo.

Turetse ikigiracumi dutanga, n'imperezwa yacu yerekana urukundo dukunda Imana n'ishimwe tuyishimira ivyo iduha vyose vy'igiciro cinshi. Paulo ayuga ivyo gutanga, ati « Ariko nk'uko murushiriza kugira vyose, ... nimurushirize no kugira ubwo buntu nabwo. » 2 Ab'i Korinto 8 : 7.

Iyo umuntu asobanukiwe n'urukundo rw'Imana Data kur' iyo ngabirano yacu y'ibibe vyose, ariyo Yesu Kristo, n'uburyo yitanze agakengerwa yicisha bugufi, yokwiga « gutanga » anezerewe. Kugira ngo n'abandi bamene uwo Mukiza. « Kuko muzi ubantu bw'Umwami wacu Yesu Kristo, yuko naho yari umutunzi yahindutse umworo ku bwanyu kugira ngo ubworo bwiwe buntingishe. » 2 Ab'i Korinto 8 : 9

Niba urukundo rwa Kristo ruri mu mutima vy'ukuri, umuntu ntazoremerwa n'ayo mashikanwa yo gufasha umurimo w'Imana, naho ari menshi.

15. Mbega n'iki gitera gukura no kugira imibereho rukristu ?

« Ni haba har'ugomba gukora ivyo uwo akunda, azomenya izi nyigisho, ko zavuye ku Mana, canke ko mbivuga myigeneye ». Yohana 13 : 17. « Nimwamenya ivyo muzoba muhiriwe, ni mwa-bikora. » Yohana 13 : 17.

Imana yagabiye Adamu isi n'ibiyirimwo vyose, ariko imubuza igitu kimwe gusa ; Ngo areke gukora ku giti kimenyekanisha ivyiza n'ibibi. Ico giti Imana yavuga ni co yifatiye ibuza Adamu kurya ku mbuto zaco. Ico giti car'ico kwibutsa Adamu ko ivyo afise vyose yabihiwe n'Imana, na ho akaba icaiiho cayo gusa. Yar' akwiriye kumenya ubutegetsi n'icubahiro vy'Imana aramutse ayumviye. Ariko akora ikibi atwara ivy'Imana. Niko bimera iyo umuntu atwaye ica cumi. Uko Imana yageze ubuyoboke bw'Adamu, nikw igeria ubuyoboke bw'umuntu mur'iki gihe. Mbega uzonesha uko kugeragezwa. Canke uzoyihebere ibiri ivyayo ?

Kumvira n'inzira izana imigisha, n'icubahiro co kuja mbere mu vy'umutima. Uko wize kw ico kigiracumi ar'ic'Imana, ni vyiza cane, noneho tangura kukitanga neza. Ukwiyen kubikora. « Enda nimubingeragoreshe ni k'Uhoraho Nyen'ingabo agize... » Malaki 3 : 10. « Muzane mu bubiko ikigiracumi gishitse, kugira ngw inzu yanje ibemw'ivyo kurya ; enda, nimubingeragoreshe, ni k'Uhoraho Nyen'ingabo agize, murabe ko ntazobagomorera ingomero zo mw ijuru, nkabacuncuburira umugisha, mukabura aho muwukwiza. » Ntutebe, « Ehe none n'igihe co kwemererwa-mwo. » 2 Ab'i Korinto 6 : 2. Noneho ncuti, gerageza, kwumvira niyo nzira y'imigisha.

IBIBAZO VY-ICIGWA CA 18

1. Umuntu Yokwiba Imana ate?

- A. Mukugunga abavukanyi
- B. Mukurya ivyo atakoreye
- C. Mukudatanga ikigiracumi n'amashikanwa

2. Umuntu yatanguye gutanga igiracumi ni :

- A. Adamu
- B. Abel
- C. Aburahamu



3. Ikigiracumi n'ico gufasha

- A. Abakene n'imfuvyi
- B. Abakristo bose
- C. Abavugabutumwa

4. Ufise umushahara wa 61000Fbu yotanga ikigiracumi c'angahe?

- A. Ayo ashaka yose
- B. 610Fbu
- C. 6100Fbu

**IJWI RY'UBUHANUZI
ISHURI RYA BIBILIYA MW IPOSTA
B.P. 1710 Bujumbura
Burundi.**



Izina

Ah'uba